



Pou Piblikasyon Imedya: 16/09/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO BAY FÒS ENTÈVANSYON KONT KRIM RAYISANS YO NAN
LAPOLIS ETA LÒD POU ENVESTIGE SENBÒL KWA GAME GRAVE NAN PÒT
TVALÈT STARBUCKS NAN NYACK, KONTE ROCKLAND**

"Dènyèman yo te [jwenn](#) de (2) senbòl kwa game grave nan yon pòt twalèt Starbuck nan Nyack, nan Konte Rockland. Nan New York nou gen absoliman zewo tolerans pou senbòl abominab sa yo, ki fèt pou entimide ak simen divizyon e ki se yon pati nan kansè rayisman ki enfekte kò politik peyi a nan dènye ane yo. Mwen pase Fòs Entèvansyon kont Krim Rayizans nan Lapolis Eta a enstriksyon pou li pote asistans bay otorite lokal yo nan ankèt yo sou ensidan sa a e pou pini moun ki responsab yo nan tout mezi lalwa pèmèt sa. Anti-Semitic ak rayisman sou tout fòm li repiyan pou valè enklizyon, divèsite ak akseptasyon New York yo - e nou pral kontinye denonse zak lach yo nenpòt lè ak nenpòt kote nou wè yo".

###

Lèt nouwèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)